# «Юксалиш» улыўма миллий ҳәрекети Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлиминиң баслығы тайынланды

«Юксалиш» улыўма миллий ҳәрекетиниң 2020-жыл 20-майдағы арнаўлы буйрығы менен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң депутаты **Романов Тажибай Ниетуллаевич** – «Юксалиш» улыўма миллий ҳәрекети Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлиминиң баслығы лаўазымына тайынланды.

Image not found or type unknown

**Романов Тажибай Ниетуллаевич** – усы күнге шекем Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жумысын муўапықластырыў бойынша Республикалық Кеңеси баслығының биринши орынбасары лаўазымында жумыс алып барды.

Сондай-ақ, ол 2015-жылдан баслап Өзбекстан «Миллий тикланиш» демократиялық партиясы Қарақалпақстан Республикасы Кеңесин басқарып келмекте.

Мағлыўмат орнында атап өтетуғын болсақ, алдын бул лаўазымда Қурбанов Бахтыяр Ибрагимович ислеп келген еди. Б.Қурбанов ҳәзирги ўақытта Қоңырат районы ҳәкиминиң биринши орынбасары лаўазымында жумыс алып бармақта.

Image not found or type unknown

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети